



THE SCHOOL DISTRICT OF  
PALM BEACH COUNTY, FL

DONALD E. FENNOY II, Ed.D.  
SUPERINTENDENT

FRANK A. BARBIERI, JR., ESQ.  
BOARD CHAIR

OFFICE OF THE SUPERINTENDENT  
3300 FOREST HILL BOULEVARD, C-316  
WEST PALM BEACH, FL 33406-5869

CHUCK SHAW  
BOARD VICE CHAIR

PHONE: 561-629-8566 / FAX: 561-649-6837  
[WWW.PALMBEACHSCHOOLS.ORG/SUPERINTENDENT](http://WWW.PALMBEACHSCHOOLS.ORG/SUPERINTENDENT)

MARCIA ANDREWS  
KAREN M. BRILL  
BARBARA MCQUINN  
DEBRA L. ROBINSON, M.D.  
ERICA WHITFIELD

## 2019-2020 Avi sou Pwogram Anyèl Tit I sou Dwa pou Paran/Responsab Konnen

16 out 2019

Chè Paran/Responsab:

Distri Lekòl Rejyon Palm Beach la resevwa lajan nan men gouvènman Federal pou lekòl ki gen pwogram Tit I yo anba Lwa Every Student Succeeds Act (ESSA). Kòm paran ki gen pitit nan yon lekòl Tit I, ou gen dwa pou mande ak resevwa enfòmasyon sou edikasyon pitit ou a.

Daprè lalwa, ou gen dwa pou:

- Mande enfòmasyon sou kalifikasyon pwofesyonèl pwofesè k ap anseye pitit ou a;
- Se pou yo fè w konnen si yo voye pitit ou oswa si yon pwofesè yo pa konsidere nan domèn li ap anseye pitit ou, ki pa lisansye nan sijè l ap anseye a oswa pou klas la l ap anseye a;
- Mande si gen manm pèsònèl ki pa pwofesè k ap anseye pitit ou epi, si wi, kalifikasyon pwofesyonèl yo;
- Se pou yo ba w enfòmasyon sou nivo randman pitit ou a ak kwasans akademik li nan evalyasyon akademik eta a.

Pou mande enfòmasyon sou kalifikasyon pwofesè ak sa ki pa pwofesè k ap anseye pitit ou, tanpri rele lekòl pitit ou a pou pale ak responsab Tit I an. Lekòl la ap enfòme w sou nivo randman pitit ou ak evalyasyon akademik li nan eta a (*state academic assessments*) ak si pitit ou a te gen yon pwofesè ki pa gen yon diplòm nan domèn espesyalizasyon an oswa nan nivo klas l ap anseye a.

Mèsi pou enterè kontini ak patisipasyon w nan edikasyon pitit ou.

Sensèman,

Donald E. Fennoy II, Ed.D.  
Superintendent of Schools